

RESTRIKSYON SOU UTILIZASYON DEPANS GOUVÈNMAN (GOVERNMENT EXPENDITURES) YO

[Ak Konstitif Vil Nouyòk](#) la gen dispozisyon ki limite jan fonksyonè piblik yo itilize resous gouvènman an. Yon fonksyonè piblik se nenpòt Responsab, Fonksyonè oswa anplwaye minisipal, ki gen ladan yon manm nan Komisyon kominotè a oswa yon manm nan komite konsiltatif la yo peye.

KI RESTRIKSYON KI APLIKE?

Yo entèdi yon fonksyonè piblik pou l sèvi ak lajan oswa resous gouvènman an (ki enplike deklarasyon sou entènèt) pou li fè kominikasyon piblik ki ankouraje piblik la pou l eli oswa rejte yon kandida patikilye pou yon fonksyon piblik, sipòte oswa opoze a yon pati politik an patikilye, oswa sipòte oswa opoze a yon pati kesyon referandòm bilten vòt l an patikilye.

LÒT RESTRIKSYON

PANDAN ANE ELEKSYON AN

Soti 1ye janvyè ane eleksyon an jiska jou eleksyon jeneral la, yon fonksyonè piblik ki se yon kandida pou nominasyon oswa eleksyon pou nenpòt fonksyon an, oswa mari oswa madanm li/patnè domestik li, pa dwe parèt oswa patisipe nan okenn piblisite nan televizyon, nan radyo, ni nan piblisite enprime oswa elektwonik (Entènèt) yo peye ak resous gouvènman an.

ANVAN JOU ELEKSYON AN

Mwens pase 90 jou anvan eleksyon primè a ak eleksyon jeneral yo, yo pa ka itilize lajan oswa resous gouvènman an pou voye anvw a masif korespondans enprime oswa elektwonik bay piblik la. Yo plis rele restriksyon sa a peryòd "entèdiksyon" pou fè anvw a masif korespondans bay piblik la. Yon "Lèt Piblik" se plis pase 100 dokiman oswa lòt kominikasyon, ki idantik oswa ki prèske idantik, ki enkli men ki pa limite a bilten enfòmasyon, feyè ak materyèl enfòmasyon, yo voye bay rezidan yo oswa elektè yo, sèlman.¹ CFB a ka bay penalite pou vyolasyon dispozisyon sa a epi konsidere kominikasyon sa yo kòm kontribisyon ki pral konte nan limit depans kandida a (yo).

Nòt: Pou eleksyon espesyal yo, restriksyon yo aplike apati jou eleksyon espesyal la deklare a jiska jou eleksyon espesyal la.

¹ Gade §1136.1(f)(a). Dapre §1136.1(4), Konsèy Finans Kanpay la gen otorite pou l fè respekte egzijans sa a.

EKSEPSYON YO

Fonksyonè piblik yo ka patisipe oswa itilize lajan gouvènman an pou kouvèti nouvèl laprès ekri oswa elektwonik, pou deba, ak fowòm edikasyon piblik.

Yo ka itilize resous leta a pou fè anvw a masif korespondans bay piblik la nan 90 jou apre yon eleksyon si korespondans la:²

- ◆ Gen rapò ak bidjè a, si yo voye l sèlman bay moun ki nan distri konsèy la, awondisman an, oswa lòt zòn jeyografik fonksyonè piblik la reprezante a, epi si yo te voye l **nan vent-e-en (21) jou apre adopsyon bidjè egzekitif la**. Fonksyonè piblik yo ka voye yonsèl korespondans dapre eksepsyon sa a.³
- ◆ **Se yon piblisite oswa yon lòt kominikasyon lalwa egzije.**
- ◆ **Se yon kominikasyon ki nesesè pou pwoteje sante ak sekirite piblik.** Kominikasyon sa yo ta dwe enplike yon risk espesifik, iminan pou piblik la epi yo dwe ale pi lwen pase edikasyon oswa enfòmasyon jeneral (pa egzanp, yon epidemi yon maladi oswa yon ogmantasyon krim nan yon zòn patikilye).
- ◆ **Se yon kominikasyon estanda an repons a demann ransèyman oswa rekèt.** Yo ta dwe voye kominikasyon sa yo sèlman bay moun ki soumèt demann ransèyman an oswa rekèt la, epi kontni kominikasyon an ta dwe limite a sijè demann nan oswa rekèt la abòde a.
- ◆ **Se yon kominikasyon òdinè ant yon fonksyonè piblik ak manm piblik la, oswa ant yon fonksyonè ki eli ak konstitiyan li yo.** Pou detèmine si yon kominikasyon antre nan eksepsyon sa a, anplwaye CFB yo ap analize plizyè faktè, tankou kontni, sijè a, ak moman yo te poste l la.
 - › Yon kominikasyon òdinè ka se yon piblisite pou yon evènman anyèl oswa peryodik, depi evènman an ijan. Kominikasyon sa yo gen plis chans pou yo konsidere yo kòm kominikasyon òdinè si fonksyonè piblik la ka bay kominikasyon ki sanble ak sa yo nan biwo l pou fè piblisite pou menm evènman an nan ane anvan yo. Kèk egzanp kominikasyon yo jije ki jeneralman òdinè yo gen ladan yo:
 - » Piblisite pou jou endepandans yo ak lòt selebrasyon etnik/eritaj yo.
 - » Piblisite pou festival oswa evènman menm fonksyonè a te òganize nan ane anvan yo.
 - » Kominikasyon ki pale sou lejislasyon ki an atant ak odyans ki gen pou vini, yo voye nan yon lis distribisyon nan kad yon pwogram mizajou mansyèl regilye, ki egziste deja (yo dwe konsantre sou pwoblèm ki annatant yo kounye a olye pou yo dekri aksyon oswa reyalizasyon pase fonksyonè a).
 - » Kominikasyon ki enfòme konstitiyan yo sou desizyon tribinal oswa chanjman lejislatif resan ki ka konsène yo.
 - » Notifikasyon ak rapèl sou reyinyon meri ki gen pou vini yo ki gen rapò ak yon sijè patikilye ki ijan.

² Gade §1136.1(3)(a).

³ Gade §1136.1(2)(b).

Menmsi yo antre nan youn nan eksepsyon ki anwo yo, lèt piblik yo voye nan 90 jou anvan yon eleksyon pa mwayen resous gouvènman an **pa dwe**:

- ◆ Gen mo ki gen rapò ak kanpay, eleksyon oswa pwomosyon.
- ◆ Gen enfòmasyon kontak pou kanpay fonksyonè piblik la.
- ◆ Distribye andeyò distri fonksyonè piblik la oswa zòn ki kouvri a.

Yo pa gendwa itilize resous leta a pou fè lèt anvwà korespondans anmas bay piblik la nan 90 jou apre yon eleksyon si kominikasyon an pa kouvri nan youn nan eksepsyon ki anwo yo. Egzanp kominikasyon entèdi yo enkli:

- ◆ Anons sezonyè, anons pou felisitasyon, ak anons komemoratif ki pa lye ak yon evènman espesifik ki ijan.
- ◆ Kominikasyon ki anonse piblikasyon rapò politik yo.
- ◆ Bilten enfòmasyon, kit li enprime kit li elektwonik, ki pa lye ak yon pwoblèm espesifik ki ijan.

Kominikasyon Elektwonik

Kominikasyon elektwonik, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, imèl, mesaj tèks, ak kontni entènèt, konstitye yon fòm "kominikasyon an mas" dapre §1136.1(1)(e). Mete kominikasyon elektwonik ki idantik oswa ki prèske idantik disponib pou rezidan yo oswa elektè yo, pa egzanp, nan tèks yon mesaj imèl, pa atachman fichye nan yon imèl, atravè yon mesaj dirèk sou yon rezo sosyal oswa yon sit entènèt, oswa atravè yon lyen entènèt ki genyen nan yon imèl, yon mesaj tèks, oswa sou yon sit entènèt ki pa sou sit entènèt gouvènman vil fonksyonè piblik la, se yon "livrez[on]" dapre Ak Konstitif §1136.1(2)(b).⁴

- ◆ Tweet, mizajou estati Facebook, ak lòt piblikasyon sou platfòm medya sosyal yo pa reprezante yon livrezon sof si yo voye yo sou kont oswa nan adrès byen espesifik. Yo ankouraje fonksyonè piblik yo pou yo kreye paj Twitter ak Facebook apa pou kanpay yo pou evite aparans yo ap itilize resous gouvènman yo pou objektif kanpay yo.

Pou plis enfòmasyon, gade nan [Ak Konstitif Vil Nouyòk §1136.1](#). Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte Mark Griffin, Avoka Asosye, nan (347) 404-8630 oswa mgriffin@nyccfb.info.

⁴ Gade jeneralman [Avi Konsiltatif No. 2007-1](#) (8 fevriye 2007).